# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

यूपी बोर्ड हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट दुइ हजार चउबीस क नतीजा आजु घोसित हो गइल। यूपी बोर्ड मुख्यालय प्रयागराज से जारी नतीजा के मोताबिक हाई स्कूल में 89 दसमलव पांच पांच फीसदी अउर इण्टरमीडिएट में 82 दसमलव छौ सुन्ना फीसदी विद्यार्थी पास भइल हवें। हाई स्कूल में 86 दसमलव सुन्न पांच फीसदी लइका आ 91 फीसदी लइकनी जबकि इण्टमीडिएट में 77 दसमलव सात सात फीसदी लइके आ 88 दसमलव चारि दुइ फीसदी लइकनी पास भइलि हइनि। टॉपर लिस्टि में इण्टरमीडिएट में सीतापुर क शुभम वर्मा पहिला, बागपत क विष्णु चौधरी, अमरोहा क काजल सिंह, सीतापुर क कशिश मौर्य अउर सिद्धार्थनगर क चार्ली गुप्ता दुसरका जगहि अउर सीतेपुर क शीतल वर्मा के तिसरका जगहि मिलल हौ। येही तरियन हाईस्कूल में सीतापुर के प्राची निगम के पहिला, फतेहपुर के दीपिता सोनकर के दुसरा अउर सीतापुर क नव्या सिंह, स्वाती सिंह, दीपांशी सिंह अउर प्रतापगढ़ क अर्पित तिवारी के तिसरका जगहि मिलल हौ।

बोर्ड परीक्षा बाइस फरौरी से नौ मार्च के बिच्चे बारह दिन ले भइल रहे। हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट के मिला के कुलि पचपन लाख पचीस हजार तीनि सौ आठ परीक्षार्थी पजीकृत रहलें।

एहमें हाईस्कूल में ओन्तीस लाख सैंतालीस हजार तीनि सौ इग्यारह अउर इण्टरमीडिएट में पचीस लाख सतहत्तर हजार नौ सौ सत्तानबे विद्यार्थी पंजीकृत रहलें। तीनि लाख चउबीस हजार आठ परीक्षार्थी परीक्षा छोड़ि दिहले रहलें।

**********

लोकसभा चुनाव क तिसरका फेरा बदे आजु परचन क जांचि क कार पूरा हो गइल। येह फेरा में कुलि एक सौ बेयासी ओम्मेदवार परचा भरले हवें। बिहने ले नांव वापसी कइल जा सके ला। एकरे बादे ई तय हो पाई कि येह फेरा में केतना ओम्मेदवार मैदान में रहिहें। मतदान सात मई के होई। येह फेरा में दस लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र– सम्भल, हाथरस, आगरा, फतेहपुर सिकरी, फिरोजाबाद, मैनपुरी, एटा, बदायूं, बरेली अउर आंवला सामिल हौ।

**********

लोकसभा के चउथा फेरा क चुनाव बदे परचा भरले क प्रक्रिया चलि रहल हौ। येह फेरा में प्रदेस क तेरह सीटिनि– शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच में आवे वाला तेरह मई के ओट परी। परचा भरले के क्रम में आजु कानपुर लोकसभा क्षेत्र से भाजपा ओम्मेदवार रमेश अवस्थी परचा दाखिल कइलें। ओहीं, काल्हि इटावा लोकसभा सीटि से समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार जितेन्द्र दोहरे, धौरहरा संसदीय क्षेत्र से निर्दल ओम्मेदवार नरसिंह अउर पॉलीटिकल जस्टिस पारटी से राजेश कुमार परचा दाखिल कइले रहलें। प्रदेस के येह तेरह संसदीय सीटिनि बदे पचीस अपरैल ले परचा दाखिल कइल जा सकी। छब्बीस अपरैल के परचन क जांचि होई, ओन्तीस अप्रैल के नांव वापसी अउर तेरह मई के ओट परी।

**********

लोकसभा क दुसरका अउर तिसरका फेरा के चुनाव खातिर परचार अभियान तेज हो गइल हौ। कई गो राजनीतिक दलन क सीनियर नेता जनसभा, रैली अउर जनसम्पर्क कइ रहल हवें। येही क्रम में आजु मथुरा से भाजपा ओम्मेदवार हेमामालिनी के ओरि से भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह वृन्दावन में जनसभा के सम्बोधित कइलें। हरदोई में पाली कसबा में भाजपा नेता नरेश अग्रवाल क जनसभा भइल। उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य पारटी ओम्मेदवार रमेश अवस्थी के पक्ष में कानपुर नगर में जनसभा के सम्बोधित कइलें। येह दौरान विधानसभा अध्यक्ष सतीश महानो मौजूद रहलें। उप मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री मोदी के अगुवाई में देस तेजी से आगे बढ़ि रहल हौ। हर क्षेत्र में विकास देखाई दे रहल हौ। ओहर कांग्रेस क पूर्व अध्यक्ष राहुल गांधी अउर सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव अमरोहा में गठबंधन ओम्मेदवार कुंवर दानिश अली के समरथन में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलें।

**********

मतदाता जागरूकता अभियान के तहत अमरोहा के राजकीय बालिका इण्टर कॉलेज हसनपुर क छात्रा लोगि मॉकपोल के जरिया अउर हाशमी गर्ल्स डिगिरी कॉलेज क छात्रा मेंहदी प्रतियोगिता के जरिया से लोगिन के मतदान बदे जागरूक कइलिनि। येही तरियन गोरखपुर, देउरिया, महराजगंज, कुशीनगर, अजोध्या, वाराणसी के सथहीं कई जिलन में कई गो कार्यक्रम कइ के मतदाता लोगिन के प्रेरित कइल गइल।

**********

मैनपुरी जिला के भोगाँव थान्हा इलाका में आजु भिन्नहीं एगो ट्रक के टक्कर से ट्रैक्टर–ट्रॉली पलटि गइल, जेहसे चारि मेहरारून क मउति हो गइल आ चउबीस जने अउरियो घाही हो गइलें। मृतक अउर घाही लोगि कन्नौज जिला क रहवइया हवें। सज्जो लोगि मैनपुरी`क बेलधरा गांव में एगो नामकरण संस्कार में सामिल हो के वापिस कुंवरपुर गांव लवटत रहलें। घटना क जनकारी भइले पर पुलिस क अधिकारी मौका पर पहुंचलें अउर घाही लोगिन के अस्पताल पहुंचवलें। गम्हिराहे घाही लोगिन के सैफई रेफर कइल गइल हौ।

**********